

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG REKOMENDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Hasil panalungtikan nu di laksanakeun di SMA Negeri 1 Cisolok Kab. Sukabumi Taun ajar 2010/2011 mangrupa data hasil panalungtikan tindakan kelas, bisa dicindekkeun yén Internet *Learning* bisa ningkatkeun hasil diajar nulis carpon.

- 1) Ieu panalungtikan dilaksanakeun dina 2 siklus. Internet *Learning* bisa ningkatkeun aktivitas diajar siswa. Ieu hal bisa katitén tina ningkatna aktivitas siswa titimiti siklus I nepi ka siklus II. Siswa diperedih sangkan aktip nalika pangajaran nulis carpon.
- 2) Internet *Learning* bisa ningkatkeun hasil diajar nulis carpon. Ieu hal bisa katitén dina ningkatna hasil diajar siswa. Hasil diajar siswa ningkat ti mimiti téss awal, téss siklus I nepi ka téss siklus II. Hasil diajar maca carpon dina téss awal nya éta 55. Hasil nulis carpon siswa dina siklus I miboga nilai rata-rata 78.0 jeung siklus II miboga nilai rata-rata 84.0.
- 3) Internet *Learning* bisa nyiptakeun suasana diajar anu I PAIKEM (*aktip, inovatip, kreatif, efektif serta menyenangkan*). Ieu katitén dina partipasi jeung aktivitas siswa ningkat dina tiap siklusna. Hasil kaaktifan siswa nalika pangajaran nulis carpon siklus I miboga nilai rata-rata 79.0 jeung siklus II miboga nilai rata-rata 80.0. Hasil kaaktifan siswa nalika pangajaran nulis

carpon ngalarapkeun MIL dina siklus I miboga nilai rata-rata 78.0 jeung siklus II miboga nilai rata-rata 80.0.

## 5.2 Rekomendasi

Sabada diayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran nulis carpon ngagunakeun Internet *Learning*, aya sababaraha hal anu hayang ditepikeun minangka rekomendasi.

- 1) Dina tahap ngararancang guru kudu leuwih asak, utamana dina alokasi waktu. Ieu hal dilakukeun sangkan kabéh tahapan pangajaran bisa katepikeun sacara optimal luyu jeung rencana nu geus ditangtukeun.
- 2) Dina panalungtikan tindakan kelas ieu aya dua siklus, jeung validitas instrumen can standar, ku kituna ka guru nu bakal nalungtik penerapan Internet *Learning* dina pangajaran nulis carpon dipiharep bisa leuwih ditingkatkeun kualitasna, boh dina prosés pangajarana atawa dina intrumen panalungtikanana.
- 3) Sangkan kagiatan pangajaran bisa lumangsung kalawan lancar,
- 4) Dina pangajaran basa Sunda hususna dina matéri nulis carpon guru kudu bisa nyiptakeun suasana diajar anu PAIKEM (*aktif, inovatif, kreatif, efektif serta menyenangkan*), sangkan heunteu monoton sarta hasil diajar siswa bisa leuwih maksimal jeung nyugemakeun.